

Yon Demann pou Mizèrikòd nan Non Fanmi Ayisyen yo

21 Jiyè 2026

Onorab Donald J. Trump

Prezidan Etazini

Mezon Blanch lan

1600 Pennsylvania Avenue NW

Washington, DC 20500

Chè Onorab Prezidan,

Non mwen se **Pierre Richard Augustin**. Mwen fèt nan **Okay, Ayiti**.

Mwen ekri ou antanke yon **Sitwayen Ameriken**, yon mari, yon papa, yon Ayisyen-Ameriken, ak yon moun ki kwè ak tout kè li nan pwomès Etazini.

Pandan tout lavi mwen, mwen toujou eseye remèt Etazini yon pati nan sa peyi sa a ban mwen.

Antanke yon anplwaye yon konpayi sekirite prive ki t ap sipòte Gouvènman Etazini, mwen te sèvi avèk fyète kòm yon **Ofisye Sekirite Pwoteksyon Ame (Armed Protective Security Officer)** nan Washington, D.C. pandan **10 ane**.

Nan fonksyon sa a, yo te konfye m responsablite pou bay pwoteksyon fizik pou anplwaye federal yo, vizitè yo, ak enstalasyon federal yo.

Ansanm ak lòt ofisye devwe yo, mwen te resevwa fòmasyon espesyalize pou reyaji imedyatman devan ensidan kritik, kontwole sitiyaasyon ki danjere, pwoteje lavi moun inosan, epi sèvi kòm premye liy defans pou kontwole yon sitiyaasyon kote gen yon tirè aktif jiskaske **FBI**, **FPS**, ekip **SWAT**, oswa lòt ajans fòs lòd yo rive sou plas la, selon nati ijans lan.

Eksperyans sa a ranfòse respè mwen pou **Konstitisyon Etazini**, pou **règ lalwa**, ak pou tout fanm ak gason devwe ki sèvi nasyon nou chak jou.

Li te aprann mwen tou ke pwoteje moun pa vle di sèlman fè respekte règ yo—li vle di tou sèvi ak bon jijman, rekonèt valè chak lavi moun, epi sèvi avèk entegrite ak konpasyon.

Se poutèt sa mwen ekri ou jodi a—pa kòm yon politisyen, pa kòm yon avoka, epi pa kòm yon aktivis—men kòm yon **Sitwayen Ameriken** ki, avèk anpil respè, ap mande **mizèrikòd**.

Sa a se pa yon lèt politik.

Li pa yon agiman legal.

Li pa yon kritik kont Administrasyon ou a, Kongrè a, oswa Lakou Siprèm Etazini.

Lakou Siprèm nan deja rann desizyon li, e mwen respekte enstitisyon peyi nou ansanm ak règ lalwa.

Mwen rekonèt ou gen otorite Konstitisyon an ba ou pou etabli epi mete an aplikasyon politik imigrasyon peyi a.

Mwen ekri ou pou yon sèl rezon sèlman:

Pou m mande ou, avèk anpil respè, pou fè mizèrikòd.

Mesye Prezidan,

Anvan mwen te ekri lèt sa a, kè mwen te kontinye retounen sou yon istwa nan Bib la—**istwa Rèn Estè**.

Lè Estè te aprann pèp li a t ap fè fas ak destriksyon, li pa t òganize yon manifestasyon.

Li pa t joure wa a.

Li pa t mete otorite wa a an kestyon.

Okontrè, li te imilye tèt li devan Bondye.

Li te mande pèp li a pou yo fè **twà jou jèn ak lapriye**.

Se sèlman apre sa li te pwoche devan wa a avèk respè pou sipliye l pou sove lavi moun inosan yo.

Pa gras Bondye, li te jwenn favè.

Pèp li a te sove.

Mesye Prezidan, mwen pa Estè.

Mwen pa konpare tèt mwen ak kouraj li oswa ak misyon Bondye te ba li.

Men istwa li fè m sonje ke pafwa, moun òdinè yo gen yon responsablite pou yo leve vwa yo lè yo kwè ke **jistis ak mizèrikòd kapab mache ansanm**.

Mwen pa gen aksè dirèk ak biwo ou.

Mwen pa kapab kanpe devan ou an pèsòn.

Kado Bondye ban mwen se **lafwa mwen, vwa mwen, mizik mwen**, ansanm ak dwa mwen kòm yon **Sitwayen Ameriken** pou m adrese Gouvènman ou a avèk respè.

Petèt se poutèt sa, apre 40 ane, Bondye te fè mizik retounen nan lavi mwen.

Piske m ap kreye yon chante ki baze sou petisyon sa a, mwen kwè chante sa a se youn nan pòt Bondye, Kreyatè Syèl la ak Latè a, louvri pou mwen.

Si se vre, mwen santi mwen gen responsablite pou sèvi avè l pou pale nan non fanmi ki pa gen anpil chans pou vwa yo rive sou biwo ou.

Mesye Prezidan,

Jodi a, mwen ekri nan non anpil fanmi ayisyen ki te antre Ozetazini atravè pwogram **Paròl Imanità (Humanitarian Parole)** ki te egziste nan moman yo te fè demann yo.

Se pa yo ki te kreye pwogram sa a.

Se pa yo ki te ekri règ li yo.

Yo te senpleman mete konfyans yo nan pwosesis legal Gouvènman Etazini te etabli.

Yo te jwenn moun ki te kalifye pou sipòte yo.

Yo te ranpli tout aplikasyon yo te mande yo.

Yo te soumèt tout enfòmasyon yo te mande yo.

Yo te respekte tout pwosedi yo te tabli pou yo.

Yo te resevwa otorizasyon pou vwayaje.

Yo te antre nan peyi a atravè pò antre ofisyèl yo apre yo te resevwa apwobasyon Gouvènman Etazini.

Depi lè sa a, anpil ladan yo jwenn travay.

Anpil ladan yo peye taks.

Anpil ladan yo patisipe fidèlman nan legliz atravè peyi nou an.

Anpil fè volontarya nan kominote yo.

Anpil ap leve pitit yo pandan y ap ede paran yo ki aje ak lòt fanmi yo ki ap viv anba gwo soufrans ann Ayiti.

Fanmi sa yo pa mande pou yo mete tèt yo pi wo pase lalwa.

Yo mande sèlman pou lalwa pa bliye yo.

Mwen byen konprann ke administrasyon yo chanje.

Politik yo chanje.

Priyorite yo chanje.

Sa fè pati sistèm konstitisyonèl gouvènman nou an.

Sepandan, fanmi sa yo te mete konfyans yo, avèk bon lafwa, nan otorizasyon Gouvènman Etazini te ba yo.

Yo te òganize lavi yo dapre otorizasyon sa a.

Parenn Ameriken yo tou te mete konfyans yo nan angajman Gouvènman an lè yo te akeyi yo lakay yo epi yo te aksepte responsablite pou ede yo reyisi.

Mesye Prezidan,

Lè yon gouvènman envite moun pou yo suiv yon pwosesis legal, epi moun sa yo reòganize lavi yo paske yo te mete konfyans yo nan envitasyon sa a, respektè konfyans sa a—lè lalwa pèmèt sa—se youn nan fason yon nasyon prezève konfyans sitwayen yo nan enstitisyon li yo.

Sa pa sèlman yon kesyon ki konsène Ayiti.

Se yon kesyon ki konsène Amerik tou.

Fòs Amerik pa janm repoze sèlman sou lame li, ekonomi li, oswa pwogrè teknolojik li yo.

Fòs li repoze tou sou konfyans moun atravè lemond mete nan entegrite enstitisyon li yo ak nan jistis lwa li yo.

Pandan plizyè jenerasyon, moun atravè lemond te gade Etazini kòm yon peyi kote moun ki respektè lalwa, ki travay di, epi ki pote yon kontribisyon pozitif nan sosyete a gen opòtinite pou bati yon lavi miyò.

Pwomès sa a ki dire depi lontan enspire dè milyon moun—**mwen menm tou**.

Se youn nan rezon ki fè, lè mwen te yon ti gason, mwen te reve ke yon jou mwen t ap vin yon **Sitwayen Ameriken**.

Jistis ak Mizèrikòd Kapab Mache Ansanm

Mesye Prezidan,

Youn nan rezon ki fè mwen admire Amerik se paske nasyon sa a toujou chèche kenbe yon ekilib ant **jistis** ak **mizèrikòd**.

Jistis pwoteje nasyon an.

Mizèrikòd reflete karaktè nasyon an.

Mwen rekonèt gwo responsablite ou genyen pou pwoteje pèp Ameriken an, sekirize fwontyè nou yo, fè respekte lwa imigrasyon nou yo, epi prezève sekirite nasyonal nou.

Sa yo se responsablite sakre pèp Ameriken an konfye ou, epi mwen respekte yo.

Mwen pa mande ou pou febli sekirite fwontyè yo.

Mwen pa mande ou pou fèmen je sou fwod.

Mwen pa mande ou pou eskize zak kriminèl.

Nenpòt moun ki komèt krim grav, ki fè fwod, oswa ki reprezante yon menas pou kominote nou yo dwe rann kont devan lalwa.

Apèl mwen an se pou moun ki te chèche fè sa ki dwat.

Pou moun ki te suiv règ ki te egziste nan moman an.

Pou moun ki te antre nan peyi a sèlman apre yo te resevwa otorizasyon nan men Gouvènman Etazini.

Pou moun ki te travay onètman, ki peye taks, ki respekte lwa nou yo, ki adore Bondye libremen, ki sèvi kòm volontè nan kominote yo, epi ki pote yon kontribisyon pozitif nan peyi a.

Mwen mande avèk anpil respè pou yo konsidere fanmi sa yo pa sèlman kòm nimewo dosye, men kòm **moun**—moun ki gen non, pitit, rèv, ak avni.

Istwa souvan sonje lidè yo pa sèlman pou lwa yo te fè respekte, men tou pou **konpasyon** yo te montre lè sikonstans yo te mande **mizèrikòd**.

Pandan tout istwa Etazini, Prezidan ki soti nan toude pati politik yo te itilize pouvwa diskresyon yo lè te gen sikonstans imanité ekstraòdinè ki te mande sa. Yo te fè sa pa paske yo te inyore lalwa, men paske depi lontan lalwa rekonèt ke **sajès** ak **konpasyon** gen plas yo nan yon bon gouvènman.

Mesye Prezidan, avèk anpil respè, mwen mande ou pou reflechi si moman sa a pa ta ka youn nan moman sa yo.

Poukisa Sa Gen Anpil Enpòtans Pou Mwen Pèsonèlman

Apèl sa a touche m anpil pèsonèlman.

Lè mwen te yon ti gason k ap grandi ann Ayiti, **Etazini te reprezante espwa**.

Menm jan ak dè milyon moun atravè lemond, mwen te kwè ke si mwen travay di, respekte lalwa, epi pa janm abandone rèv mwen, opòtinite ekstraòdinè te kapab vin posib.

Youn nan rèv sa yo, ke m ap pouswiv lajounen kou lannuit kòm rèv lavi mwen, se **bati yon fize ak yon veso espasyal ki kapab itilize ankò pou rann vwayaj nan lespas aksesib a dè milyon moun atravè lemond, epi pa sèlman pou gwoup milyadè yo**.

Rèv sa a te mennen mwen dabò nan **Pwentapit (Pointe-à-Pitre), Gwadeloup**, apre sa **Pari, Lafrans**, epi finalman **Vil New York, Etazini**, menm jan ak dè milyon lòt moun atravè lemond, kote mwen te kontinye etid mwen.

Pita, gras ak jenerozite **Dave Wharton**, ki mouri kounye a e ki te kwè nan investi nan jèn yo, mwen te resevwa yon **bous etid konplè** nan **North Shore Community College**, epi apre sa mwen te jwenn yon **Lisans nan Syans Politik** nan **Salem State University**.

Mwen te kontinye elaji edikasyon mwen lè mwen te jwenn **de metriz**:

- **Metriz nan Administrasyon Piblik (MPA)**
- **Metriz nan Administrasyon Biznis (MBA)**

Etazini ban mwen yon opòtinite ki chanje lavi mwen pou tout tan.

Amerik te akeyi mwen.

Amerik te edike mwen.

Amerik te pèmèt mwen bati yon karyè.

Amerik te pèmèt mwen leve yon fanmi.

Amerik te pèmèt mwen sèvi lòt moun.

Tout sa mwen rive reyalize te posib paske peyi sa a te ban mwen yon opòtinite.

Se poutèt sa, rekonesans mwen anvè Etazini pi pwofon pase mo yo ka janm eksprime nèt.

Mwen pase lavi mwen ap eseye remèt kado sa a atravè travay onèt, sèvis piblik, antreprenarya, epi kounye a atravè mizik, pandan m ap ankouraje lòt moun pou yo vin manm pwodiktif nan sosyete a.

Mwen renmen **Ayiti** paske se peyi kote mwen fèt.

Mwen renmen **Etazini** paske se peyi ki ban mwen opòtinite.

Nan kè mwen, gen plas pou toude.

Se poutèt sa ekri lèt sa a pa t fasil pou mwen.

Mwen pa ekri avèk kòlè.

Mwen pa ekri avèk laperèz.

Mwen ekri avèk rekonesans.

Epi se egzakteman paske mwen renmen epi mwen respekte peyi sa a, mwen kwè Amerik pi fò lè **jistis** mache ansanm ak **mizèrikòd**.

Finalman, yo sonje chak nasyon pa sèlman pou fòs lwa li yo, men tou pou **konpasyon** ak ki jan lwa sa yo te aplike.

Yo konn di souvan ke vrè mezi yon lidè pa sèlman parèt nan moman li gen pouvwa, men tou nan moman li chwazi fè **mizèrikòd**.

Mesye Prezidan, avèk anpil respè, mwen kwè moman sa a se youn nan moman sa yo.

Yon Demann Fè Avèk Respè

Mesye Prezidan,

Avèk pi gwo respè pou fonksyon ou ak responsablite ou kòm **Kòmandan an Chèf** ak **Prezidan Etazini**, mwen mande ou avèk anpil imilite pou konsidere fè **mizèrikòd** pou fanmi ayisyen ki te antre nan peyi sa a legalman atravè pwogram **Paròl Imanità (Humanitarian Parole)** Gouvènman Etazini te etabli.

Mwen konprann kebyon imigrasyon se yon sijè ki konplike.

Mwen konprann tou ke moun ki gen bon volonte ka pa dakò sou pi bon fason pou sekirize fwontyè nou yo ak administre sistèm imigrasyon nou an.

Mwen konprann ke chak desizyon pote konsekans.

Mwen pa pretann mwen gen tout repons yo.

Mwen sèlman mande pou, pandan y ap kontinye egzamine kebyon sa yo, ou sonje figi imen ki dèyè chak dosye.

Dèyè chak dosye imigrasyon, gen yon papa k ap lite pou bay pitit li sa yo bezwen.

Gen yon manman k ap priye pou avni fanmi li.

Gen yon elèv k ap pouswiv etid li.

Gen yon manm legliz k ap sèvi kongregasyon li.

Gen yon travayè ki kontribye onètman nan ekonomi Ameriken an.

Gen yon timoun ki reve pou l vin yon pwofesè, yon enfimyè, yon syantis, yon polisye, oswa menm yon jou sèvi peyi sa a an inifòm oswa vin yon **astwonòt**.

Sa yo pa senpleman dosye imigrasyon.

Se lavi moun yo ye.

Anpil nan fanmi sa yo te kouri kite yon peyi k ap travèse gwo soufrans.

Kèk zòn ann Ayiti kontinye ap sibi vyolans gang toupato, enstabilite politik, efondreman ekonomik, ak yon kriz imanità ki fòse anpil fanmi inosan viv nan laperèz.

Anpil katye, byenke se pa tout, vin pa an sekirite; lekòl ak biznis fèmen; lopital yo ap lite pou kontinye fonksyone; epi anpil fanmi oblije kite kay yo.

Pou anpil nan yo, retounen jodi a ta vle di retounen nan ensètitud, enstabilite, ak kondisyon ki depase kontwòl yo.

Mesye Prezidan, mwen rekonèt pa gen okenn Prezidan ki kapab rezoud tout pwoblèm nan mond lan.

Ni Amerik pa ta dwe pote tout chay la pou kont li.

Men Amerik toujou rete yon limyè espwa paske, menm pandan li pwoteje enterè pa li, li pa janm pèdi vizyon sou limanite nou tout pataje ansanm.

Se lespri sa a ki enspire anpil jenerasyon atravè lemond.

Li te enspire mwen.

Li kontinye enspire dè milyon moun jodi a.

Si Administrasyon ou a gen nenpòt pouvwa legal pou itilize diskresyon li afin bay plis konsiderasyon imanité pou moun ki te antre atravè pwosesis **Paròl Imanité** Gouvènman Etazini te etabli a, mwen mande ou avèk anpil respè pou konsidere itilize diskresyon sa a avèk **sajès, jistis, ak konpasyon**.

Mwen pa mande sa paske fanmi sa yo gen yon dwa pou yo resevwa mizèrikòd.

Mizèrikòd, pa nati li menm, pa janm yon bagay moun merite.

Yo bay li.

Epi lè yo bay li avèk sajès, li montre fòs olye li montre feblès.

Istwa sonje lidè yo pou anpil rezon.

Gen kèk yo sonje pou vikwa yo.

Gen lòt pou reyalizasyon ekonomik yo.

Gen lòt ankò pou lwa yo te siyen.

Men gen kèk yo sonje paske, nan yon moman desizif nan listwa, yo te chwazi montre **konpasyon** san yo pa janm abandone prensip yo.

Mwen priye avèk anpil respè pou listwa sonje lidèchip ou kòm yon lidèchip ki te respekte ni **règ la** ni tradisyon ameriken ki dire depi lontan nan montre **mizèrikòd**.

Twa Jou Lapriyè ak Jèn

Mesye Prezidan,

Anvan mwen voye lèt sa a, mwen pran yon angajman pèsònèl.

Kòmanse depi jodi a, mwen pral konsakre **twà jou nan lapriyè ak jèn**.

Se pa kòm yon tantativ pou enfliyanse politik ou.

Se pa kòm yon manifestasyon.

Se pa kòm yon demonstrasyon piblik.

Men kòm **yon zak pèsònèl lafwa**.

Menm jan ak **Rèn Estè**, mwen kwè gen moman kote bagay ki pi pwisan nou ka fè se **imilye tèt nou devan Bondye, Kreyatè Syèl la ak Latè a**, epi priye pou **sajès, lapè, ak mizèrikòd**.

Pandan twa jou sa yo, mwen pral priye pou ou.

Mwen pral priye pou fanmi ou.

Mwen pral priye pou **Vis Prezidan an**.

Mwen pral priye pou **Manm Kongrè a**, kèlkeswa pati politik yo.

Mwen pral priye pou **Jij Lakou Siprèm Etazini yo**.

Mwen pral priye pou fanm ak gason devwe k ap sèvi nan **Depatman Sekirite Enteryè Etazini (Department of Homeland Security), Immigration and Customs Enforcement (ICE), U.S. Citizenship and Immigration Services (USCIS), Customs and Border Protection (CBP)**, ansanm ak tout lòt sèvitè piblik ki gen responsablite pou fè respekte lwa peyi nou an.

Mwen pral priye pou fòs lame nou yo.

Mwen pral priye pou premye sekouris nou yo.

Mwen pral priye pou tout ajan fòs lòd yo ki pwoteje kominote nou yo chak jou.

Mwen pral priye pou pèp Ameriken an.

Mwen pral priye pou Ayiti.

Epi mwen pral priye pou chak fanmi ayisyen ki gen avni yo toujou anba ensètitud.

Lapriyè mwen an senp:

Se pou Bondye bay sajès kote yo dwe pran desizyon ki difisil.

Se pou Bondye bay konpasyon kote mizèrikòd posib.

Se pou Bondye fè jistis kote responsablite dwe egzije.

Epi se pou Bondye bay lapè pou chak fanmi desizyon sa yo afekte.

Anplis de tout bagay, mwen priye pou **volonte Bondye** fèt, pa volonte pa mwen.

Paske sajès Li pi gran pase pa nou, epi mizèrikòd Li rive pi lwen pase tout sa nou ka imagine.

Yon Dènye Lapriyè ak Yon Dènye Apèl

Mesye Prezidan,

Pandan tout listwa nasyon nou an, Etazini te fè fas ak anpil moman desizif.

Chak jenerasyon te oblije pran desizyon difisil ki t ap fòme non sèlman avni peyi nou an, men tou eritaj nou pral kite pou jenerasyon k ap vini yo.

Mwen kwè moman sa a se youn nan moman sa yo.

Lè deba politik yo fini depi lontan epi gwo tit nouvo yo disparèt, jenerasyon k ap vini yo ap sonje fason nasyon nou an te trete moun ki te mete konfyans yo nan pwosesis legal Gouvènman Etazini te etabli.

Yo ap sonje si Amerik te rete yon nasyon ki te respekte angajman li anvan moun ki te aji avèk bon lafwa.

Mesye Prezidan, mwen rekonèt gwo chay fonksyon ou pote.

Chak jou, yo rele ou pou pran desizyon ki afekte lavi dè milyon moun.

Mwen pa anvye responsablite sa a.

Okontrè, mwen priye pou Bondye kontinye beni ou ak **sajès, bon jijman, kouraj, bon sante, ak konpasyon** pandan w ap dirije nasyon nou an.

Mwen priye tou pou fanmi ou, pou Bondye pwoteje yo, ba yo fòs, epi antoure yo ak lapè Li.

Mwen priye pou tout responsab eli yo, kèlkeswa pati politik yo, paske nasyon nou pi fò lè lidè li yo chèche **sajès** olye divizyon, epi **sèvis** olye enterè pèsonèl.

Antanke Ameriken, nou ka pa dakò sou politik yo.

Nou ka vote diferan.

Nou ka gen opinyon diferan.

Men nou rete **yon sèl nasyon anba Bondye**, ini pa menm espwa ke pitit nou yo ak pitit pitit nou yo pral eritye yon peyi ki **pi fò, pi an sekirite, pi lib, epi ki gen plis konpasyon** pase peyi nou menm nou te eritye a.

Espwa sa a se pou nou tout.

Mesye Prezidan, avèk anpil respè, mwen mande ou sonje fanmi ayisyen ki te suiv pwosesis yo te mete devan yo.

Anpil te vini avèk espwa olye sètitud.

Anpil te vini avèk lafwa olye garanti.

Anpil te vin isit avèk yon sèl objektif: viv anpè, travay avèk onètete, sèvi kominote yo, epi bati yon pi bon avni pou pitit yo.

Avèk anpil respè, mwen mande ou pou, si sa antre nan otorite legal ou, konsidere fè **mizèrikòd** pou moun ki demontre bon lafwa, ki respekte lwa nou yo, epi ki sèlman t ap chèche opòtinite pou bati yon lavi pwodiktif Ozetazini.

Si menm yon sèl fanmi sove anba soufrans ki pa nesesè grasa apèl sa a, lè sa a ekri lèt sa a ap vo tout efò mwen fè.

Kit ou akòde demann mwen an oswa ou pa, respè mwen pou **Fonksyon Prezidan Etazini** ak pou enstitisyon Etazini yo ap rete fèm.

Mwen pral kontinye priye pou peyi nou an.

Mwen pral kontinye priye pou lidè li yo.

Mwen pral kontinye priye pou Ayiti.

Epi mwen pral kontinye kwè ke **mizèrikòd** ak **jistis** pa de ideyal ki opoze youn ak lòt, men yo se de patnè ki dire toutan nan pouswit yon Inyon ki toujou ap vin pi pafè.

Se pou Bondye beni ou.


Se pou Bondye beni fanmi ou.

Se pou Bondye beni Etazini Damerik.

Epi se pou Bondye pote lapè, espwa, ak gerizon pou pèp Ayisyen an.

Mèsi paske ou pran tan pou li apèl sa a.

Avèk pi gwo respè,

A handwritten signature in dark ink, reading "Pierre R. Augustin". The script is fluid and cursive, with a large initial 'P' and a stylized 'R'.

Pierre Richard Augustin, MPA, MBA



AKA TimTim.Live (*Atis – Konpa pou Lemonn*)

<http://TimTim.Live>

The White Guitar:

<https://youtu.be/By8RuWCQg4o?si=V48ztSi76X0pfBHm>

Guitar Blanche:

https://youtu.be/By8RuWCQg4o?si=jK33ThS9_8ziDmJ7

Gita Blan: <https://youtu.be/8cJntFvnnK8?feature=shared>

American Citizen

Haitian-American

Washington, D.C.

Copies furnished to:

- Members of the United States Congress
- Governors of the Fifty States and U.S. Territories
- Faith Leaders
- Community Organizations
- Haitian-American Community Leaders
- Humanitarian Organizations